



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Lenga Wangi Sultan Agung

Minyak Wangi Sultan Agung

Penulis: Anwar Wiyadi



Ilustrator: Mulyantara



awal.

C



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Lenga Wangi Sultan Agung

Minyak Wangi Sultan Agung

Penulis : **Anwar Wiyadi**

Ilustrator : **Mulyantara**

Penerjemah: **Anwar Wiyadi**

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia

Dilindungi Undang-Undang

Penafian:

Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017.

Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi.

Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman.

Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemendikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

LENGA WANGI SULTAN AGUNG

MINYAK WANGI SULTAN AGUNG

Penulis : **Anwar Wiyadi**

Ilustrator : **Mulyantara**

Penerjemah : **Anwar Wiyadi**

Penyunting : **Nur Ramadhoni Setyaningsih**

Penata Letak : **Praba Pangripta**

Penerbit:

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemendikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-583-5 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 18/24

ii, 40 hlm, 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.


Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia.

Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi



Para wiyaga kang bakal nabuh gamelan wis padha siyaga. Gamelan kuwi arep kanggo nabuhi wayang kulit ing Desa Segarayasa. Desa Segarayasa iku biyen wujud segara gaweyan. Digawe dening Raja Mataram kang jumeneng kaping III, jejuluk Prabu Hanyakrakusuma. Panjenengane kawentar kanthi asma Sultan Agung Hanyakrakusuma.

Gendhing pambuka wayang durung wiwit. Nanging, wong kang nonton wis akeh. Lanang, wadon, enom, tuwa ora etungan cacahé. Para warga wis padha kangen marang tontonan wayang. Tontonan langsung ora mung neng *televisi* utawa *youtube*.

Jaman saiki, arep mirsani apa wae bisa. Kalebu arep mirsani wayang, kethoprak, lan maneka warna tontonan. Nanging, bengi iki beda. Ana

Para penabuh gamelan pengiring pertunjukan wayang kulit telah siap. Pertunjukan wayang kulit akan diadakan di lapangan Segarayasa. Penyelenggaranya Pemerintah Desa Segarayasa. Zaman dahulu, Desa Segarayasa merupakan sebuah lautan atau danau buatan. Dibangun atas prakarsa Raja Mataram ketiga yang bergelar Sultan Agung Hanyakrakusuma.

Meskipun pertunjukan wayang kulit belum dimulai, penonton sudah berjubel. Penonton pria, wanita, tua, muda, tak terhitung jumlahnya. Sepertinya warga sudah merindukan pertunjukan wayang. Pertunjukan itu diselenggarakan secara langsung. Bukan pertunjukan yang dilihat melalui televisi dan *YouTube*.

Zaman sekarang orang bisa menyaksikan berbagai macam hiburan yang diinginkan secara daring. Termasuk menyaksikan wayang, ketoprak, dan segala macam tontonan.

gelaran wayang kulit langsung. Apa maneh dianakake ing lapangan. Dadi, papane jembar lan kobet.

Lampu pating glebyar ka-pasang ing sadhengah papan. Kebak madhang ing lapangan. Lampu sokle uga ana. Nambah regenge swasana lapangan. Sing luwih nyenengake, ana *videotron* ing sakiwa tengen kelir. Dadi, para warga bisa ndelok kanthi cetha.

Jatmiko lan mbah kakunge uga arep ningali wayang. Mbah kakunge pikantuk undangan mirsani. Mbah kakunge Jatmiko asmane Purwo Suganda katelah Mbah Purwo. Mbah Purwo sawijining budayawan lan uga guru besar universitas ing Ngayogyakarta.

Mobil kang ditumpangi Jatmiko lan kakunge kumelap kena cahyaning bulan. Kebeneran, bengi iki ngepasi bulane tanggal limalas. babar pisan ora ana mendhung.

Namun, malam ini terlihat berbeda karena pagelaran wayang kulit diselenggarakan secara langsung. Apalagi, pertunjukan itu dilaksanakan di lapangan yang luas.

Suasana di lapangan Segoroyoso sangat meriah. Di berbagai tempat dipasang lampu sehingga terlihat gemerlapan. Untuk menambah suasana bertambah hidup, dipasang pula lampu sokle. Dipasang juga dua videotron di kanan kiri tenda. Dengan demikian, warga masyarakat dapat menyaksikan dengan jelas melalui *videotron* tersebut.

Jatmiko dan kakeknya juga akan menonton pertunjukan itu. Kakek Jatmiko mendapat undangan untuk menyaksikan wayang kulit. Kakek Jatmiko bernama Bapak Purwo Suganda, biasa dipanggil Mbah Purwo. Beliau merupakan salah satu tokoh budayawan dan guru besar di salah satu perguruan tinggi di Yogyakarta.

Mobil yang ditumpangi Jatmiko dan Kakeknya terlihat berkilau ketika terkena



Langit katon resik sumilak lan bulane bunder. Ewasemana, sawise ana listrik, bocah saiki ora patiya nggape padang bulan. Beda karo jaman biyen, tekane padhang bulan padha diarep-arep.

Bengi iki, rembulan ketara padhang banget. Hawane uga ora sumuk. Adhem, penak rasane. Kahanan kaya mangkene iki, rasane kaya jaman biyen. Kaya nalika alam iki durung kena *polusi*.

“Dalu niki raose kok benten nggih, Kung?” rerasane Jatmiko ing sajeroning mobil. Sinambi nyopir, Mbah Purwo mung mesem. Durung nanggapi Jatmiko. Ing batin, Mbah Purwo uga ngakoni menawa rasane pancen beda. Sawise mobil nuju arah mangetan, Mbah Purwo lagi ngendika.

“Beda, amarga saiki bulane katon bunder. Cetha, ta?” pandangune Mbah Purwo.

Jatmiko gedheg-gedheg

sinar bulan purnama. Kebetulan, malam ini bertepatan dengan malam purnama. Langit cerah tiada berawan dan bulan terlihat bersinar sempurna. Semenjak ada listrik, anak-anak zaman sekarang tidak begitu peduli dengan terangnya rembulan. Berbeda dengan zaman dahulu. Bulan purnama selalu ditunggu-tunggu anak-anak.

Malam ini bulan bersinar sangat terang. Udara tidak terasa panas, tetapi sejuk nyaman di tubuh. Suasana ini mirip zaman dahulu. Zaman ketika alam belum kena polusi.

“Malam ini, kok, terasa berbeda ya, Kek?” ungkap Jatmiko pada kakeknya. Sambil menyetir, Kakek hanya tersenyum. Dalam hati sebenarnya Kakek juga merasakan. Setelah posisi mobil menuju arah timur, Kakek bicara.

“Rasanya berbeda karena malam ini bulan terlihat bulat besar?” tanya Kakek Purwo.

Sambil menggelengkan kepala, Jatmiko menjawab bah-

karo wangsulane yen dudu kuwi sing dikarepake. Mbah Purwo sejatine pirsane apa sing dikarepake Jatmiko. Rasa iku barengan karo ganda wangi kang mlebu mobil. Nanging, Mbah Purwo sengaja meneng supaya Jatmiko mung nganggèpi iku ganda *parfum* mobil.

“Ngaten lho, Kung. Leres bulane cetha bunder. Lajeng langit resik lan hawane seger anyep. Kamangka boten bar jawah lho, Kung. Katambah *parfum* mobil kena *ac* tansaya wangi” ature Jatmiko.

Mbah Purwo kang wis akeh pengalamane ngerti asal ganda wangi iku. Ganda wangi dudu sabaene ganda lenga wangi biyasa. Nanging, iku lenga wangi agame para wali, ulama, lan kyai. Mbah Purwo banjur munjukake puji sokur lan nyuwun donga slamet. Donga supaya lancar sajroning dalan, papan wayangan, nganti tekan ngomah mengko.

wa bukan itu yang ia maksud. Kakek sebenarnya paham apa yang dimaksud oleh Jatmiko. Seiring dengan laju mobil, tercium aroma wangi masuk mobil. Namun, Kakek tetap diam agar Jatmiko menganggap bahwa itu hanya bau parfum mobil.

“Begini lho, Kek. Memang benar bulan terlihat bulat jelas. Hal itu didukung langit cerah dan udara sejuk. Padahal, siang tadi tidak hujan kan, Kek? Ditambah harum parfum di mobil kena tipuan *ac* ini,” ucap Jatmiko.

Kakek yang kenyang pengalaman tentu saja tahu asal aroma wangi itu. Aroma itu bukan berasal dari minyak wangi sembarangan. Namun, minyak wangi yang biasa dipakai oleh para wali, ulama, lan. Oleh karena itu, Kakek Purwo kemudian memanjatkan doa. Doa agar diberi keselamatan dan kelancaran di perjalanan hingga pulang nanti.

“Le, Jatmiko. Wis kaping pira anggonmu ndelok wayang kulit? Saliyane neng *youtube* utawa *tv*, lho!” pitakone Mbah Purwo.

Pitakon kuwi sengaja kanggo ngalihake omongan. Jatmiko uga wis ora nerusake perkara hawa wengi kang beda. Mula, Jatmiko kanthi seneng mangsuli pitakone kakunge.

“Nembe niki, Kung. Kala emben dereng angsal wayangan amargi pageblug *Covid-19*. Mila, nggih namung ningali lumantar *youtube*,” wangsulane Jatmiko.

Sinambi noleh mring kakunge, Jatmiko banjur nerusake omong. Dheweke matur perkara anggone ora oleh nganakake rame-rame. Saiki wae isih diwatesi kudu tetep jaga *prokes* (*protokol kesehatan*).

“Lho, ngomongke *prokes*, kok, sajake kowe ora seneng. Rak, ya, apik ta, kanggo ka-

“Jatmiko, kamu sudah berapa kali nonton wayang kulit? Selain menonton melalui televisi atau *YouTube*, lho!” tanya Kakek.

Pertanyaan itu sengaja untuk mengalihkan pembicaraan. Jatmiko sebenarnya juga sudah tidak mempermasalahakan rasa malam yang aneh. Oleh karena itu, dengan senang Jatmiko menjawab.

“Baru kali ini, Kek. Kemarin-kemarin, kan, belum boleh mengadakan pertunjukan karena ada *Covid-19*. Jadi, hanya nonton melalui *Youtube*,” jawab Jatmiko.

Sembari menoleh pada kakeknya, Jatmiko melanjutkan pembicaraan. Ia bicara terkait dengan larangan menyelenggarakan acara keramaian. Saat ini saja masih dibatasi dengan tetap menjalankan *prokes* (*protokol kesehatan*).

“Lho, kenapa bilang *prokes* sepertinya kamu tidak suka?

sarasane dhewe?” pitakone Mbah Purwo.

“Lha repot Kung, ndadak dicek suhu lan kudu nganggo masker. Durung meneh anggone wijik tangan. Kudu urut,” wangsulane Jatmiko karo besengut.

Jatmiko ora patiya seneng yen apa-apa nganggo *prokes*. Nanging, ya, ora maido. Aja maneh bocah, wong tuwa wae semune kepeksa nganggo prokes.

Kanggo ngalihake kareben ora kedawa-dawa bab *prokes*, Mbah Purwo nyaut omongan. Saiki wis wiwit mlebu Desa Segarayasa. Magepokan karo Desa Segarayasa, Mbah Purwo banjur takon marang Jatmiko. Kira-kira, Jatmiko wis ngerti durung sujarahe Desa Segarayasa.

Jatmiko banjur wangsulan menawa wis ngerti. Jumbuh karo buku sing tau diwaca, Segarayasa iku biyene sega-

Bukannya itu bagus untuk kesehatan kita?” tanya Kakek Purwo.

“Merepotkan, Kek. Harus pakai masker dan cek suhu. Belum lagi kalau cuci tangan. Harus antri!” jawab Jatmiko dengan cemberut.

Jatmiko tidak suka jika segala sesuatunya harus dengan prokes. Jangankan anak-anak, orang tua pun agak terpaksa melaksanakannya.

Untuk mengalihkan pembicaraan agar tidak berkepanjangan perihal prokes, Kakek Purwo menyahut pembicaraan. Sekarang sudah memasuki Desa Segarayasa. Terkait dengan Desa Segarayasa, Kakek Purwo bertanya pada Jatmiko. Kira-kira, Jatmiko sudah tahu sejarah Desa Segarayasa atau belum.

Jatmiko menjawab bahwa ia sudah mengerti. Sesuai dengan buku yang pernah ia baca, Desa Segarayasa itu dulu adalah laut buatan. Di-

ra gaweyan. Segara gaweyan iku digawe nalika jaman Mataram. Rikala iku, kang jumeneng nata Kanjeng Sultan Agung. Ancase, kanggo gladhèn prajurit, papan pasiyar, lan ngelebi sawah.

Mbah Purwo manthuk-manthuk mbenerake Jatmiko. Sanadyan nyambi nyekel setiran, Mbah Purwo tetep nanggapi ature putune. Ing batin ngakoni menawa putune pancen bocah pinter. Kanggo jajaki sepira kawruhe Jatmiko, Mbah Purwo nambah pitakonan.

“Banjur, Kanjeng Sultan Agung iku, sangertimu, apa kaluwihane?” pitakone Mbah Purwo. Jatmiko ora banjur wangsulan, nanging meneng sadhela.

“Sangertos kula, Kung, Kanjeng Sultan Agung niku raja ingkang sekti pilih tandhing. Buktinipun, raja-raja ing tanah Jawa teluk kaliyan

bangun pada zaman Kerajaan Mataram. Saat itu, yang menjadi rajaa adalah Sultan Agung. Tujuan membuat laut buatan itu untuk latihan prajurit, tempat rekreasi, dan irigasi.

Kakek mengangguk-anggukan kepala tanda membenarkan perkataan Jatmiko. Meskipun sambil memegang setiran, beliau tetap menanggapi cucunya. Dalam hati, Kakek mengakui kalau cucunya pandai. Untuk menjajaki sampai seberapa pengetahuan Jatmiko, Kakek Purwo melanjutkan bertanya.

“Kelebihan apa yang kamu ketahui tentang Raja Sultan Agung?” tanya Kakek Purwo. Sejenak Jatmiko terdiam. Ia belum menjawab pertanyaan kakeknya. Diam bukan berarti tidak bisa menjawab, tetapi sedang menyusun jawaban.

“Setahu saya, Raja Sultan Agung adalah raja yang sakti mandraguna. Terbukti, raja-raja di Pulau Jawa dapat di-

Kanjeng Sultan Agung. Kejawi pinter ngelmu perang, ugi pinter ngelmu tani. Wonten malih, Kung. Piyambakipun ugi pinter damel bangunan. Lajeng niki, Kung. Napa le-res Kanjeng Sultan Agung kagungan abdi siluman?” Jatmiko genti takon.

“Yen manut critane, abdi siluman iku biyen manungsa lumrah. Dheweke dadi Juru Taman keraton Mataram lan abdi kinasihe Panembahan Senopati. Rikala semana, abdi iku lagi ketaman lelara sing nemen. Dening Panembahan Senopati, Juru Taman iku diparingi *tigan jagad* minangka tamba. Sanalika, mari lan malah dadi sekti. Nanging, awake malih raseksa,” ngen-dikane Mbah Purwo.

Jamake bocah saumuran Jatmiko, krungu babagan raseksa utawa memedi akehe wedi. Ananging, Jatmiko blas ora wedi malah pengin

taklukkannya. Selain pandai dalam taktik perang, beliau juga pandai ilmu pertanian. Ada lagi, Kek. Beliau pandai dalam bidang tata kota atau arsitek. Nah, kalau yang ini, Kek. Benarkah Sultan Agung mempunyai abdi siluman?” Jatmiko balik tanya.

“Konon menurut cerita, abdi siluman itu dulunya manusia biasa. Ia adalah Juru Taman Keraton Mataram dan abdi kesayangan Panembahan Senopati. Waktu itu, Ki Juru Taman sakit keras yang sangat sulit diobati. Setelah diberi obat *tigan jagad* (telur jagad), seketika ia sembuh dan menjadi sakti. Namun, tubuhnya berubah menjadi raksasa,” Kakek menjelaskan.

Pada umumnya anak se-usia Jatmiko ketakutan jika mendengar cerita tentang raksasa atau hantu. Namun, Jatmiko tidak takut. Malah, rasa ingin tahunya sangat

ngerti. Sawise mbah kakunge rampung carita, Jatmiko banjur genti matur. “Kung, kula pengen kados Kanjeng Sultan Agung! Kawentar sadonya, nanging lumantar ngelmu-ngelmu jaman saniki!”

“Pinter tenan putuku lanang, Simbah rumangsa bom-bong!” Mbah Purwo ngalem Jatmiko.

Sinambi omong-omongan turut dalan, ora krasa ngerti-ngerti lakuning mobil wis tekan nggone. Sakloron wis tekan lapangan Segarayasa. Papan kanggo pagelaran wayang kulit. Panitya kang kajibah ngatur parkir kendharaan banjur ngarahake mobil nuju parkiran.

Jatmiko seneng banget weruh kahanan ing lapangan bengi iki. Maneka warna panganan lan dolanane bocah didol. Jatmiko wis diwanti-wanti dening bapak lan ibune ora pareng jajan. Mula, Jatmiko ora nyuwun ditumba-

tinggi. Seusai kakeknya bercerita, Jatmiko berkata “Kek, saya ingin seperti Baginda Sultan Agung! Tersohor di dunia, tetapi melalui ilmu-ilmu di zaman modern ini.”

“Aamiin, kau memang anak hebat, Cucuku! Kakek sangat bangga padamu,” sanjung Kakek Purwo pada Jatmiko.

Sambil berbincang sepanjang perjalanan, tidak terasa, mereka telah sampai tujuan. Mereka sampai di lapangan Segoroyoso, tempat pertunjukan wayang kulit. Petugas parkir segera mengarahkan mobil menuju ke parkiran mobil.

Jatmiko kegirangan melihat suasana lapangan malam ini. Aneka jajanan dan mainan anak-anak dijual. Jatmiko sudah dipesan oleh orang tuanya agar tidak jajan. Jadi, Jatmiko juga tidak minta dibelikan jajanan atau mainan. Namun, saat melintas di tem-

sake panganan apa maneh dolanan. Nanging, ngepasi liwat panggonane wong dodol lenga wangi, dumadakan Jatmiko mandheg.

“Kung, kula nyuwun ditumbasake niku,” panyuwune Jatmiko marang simbahe.

Weruh Jatmiko nudingi lenga wangi, Mbah Purwo atine mak greg. Sing dipilih Jatmiko lenga kasturi. Kanggo nutupi rasa kagete, Mbah Purwo banjur numbaske. Bakule lenga wangi banjur mbukakake botol saperlu nuduhake ambune. Kanyata, ambu wangine padha karo sing ana ing njero mobil mau.

Miturut bakule, lenga wangi kang dipilih Jatmiko iku murni. Bisa diarani bibit lenga wangi, isih asli durung ana campurane. Lenga iki digawe ing Arab lan disuling kanthi sampurna. Senajan mung dileletke sethithik, ambune awet.

Lenga wangi kasturi asli iku

pat penjual minyak wangi, Jatmiko tiba-tiba berhenti.

“Kek, aku minta dibelikan itu, ya?” pinta Jatmiko sambil menunjuk ke salah satu botol minyak wangi.

Melihat itu, Kakek terkejut. Yang dipilih Jatmiko adalah minyak kasturi. Untuk menutupi rasa kaget, Kakek langsung membelinya. Penjual minyak wangi membuka tutup botol untuk menunjukkan aromanya. Ternyata, aromanya sama dengan bau saat di mobil.

Menurut keterangan penjualnya, minyak yang dipilih Jatmiko itu asli. Bibit parfum yang belum dicampur. Minyak itu produksi Arab. Proses penyulingannya sempurna. Meski hanya dioleskan sedikit, wanginya tahan lama.

Minyak kasturi itu memang mahal harganya. Apalagi kasturi yang terbuat dari ke-

pancen larang regane. Apa maneh, kasturi sing digawe saka *kelenjar* weteng kidang lanang kang tanpa sungu. Lumrahe, kidang kaya ngono mau urip ana ing gunung, kayata, Gunung Himalaya ing India, gunung-gunung ing Mongolia, gunung-gunung ing Siberia, lan gunung-gunung ing Manchuria.

“Lho, kidang lanang ingkang boten gadhah sungu niku jenenge *Musk Deer*? Niku gadhah untu dawa kados siyung. Kula nembe ngertos menawi lenga kasturi kadamel saking *kelenjar*-e kewan niku. Lajeng, menapa kasiyatipun, Pak Haji?” pitakone Jatmiko marang bakule lenga wangi. Bakule diundang Pak Haji dening Jatmiko amarga nganggo kupluk kaji.

“Cah Bagus, jan pinter tenan. Ngaten, nggih. Lenga kasturi niku kathah gunane. Ing antarane, yaiku, kena kanggo nambani lelara. Ana

lenjar yang terletak di perut kijang jantan yang tak bertanduk. Kijang seperti itu biasa hidup di gunung, seperti Gunung Himalaya di India, Gunung Siberia, Gunung Mongolia, dan Gunung Manchuria.

“Lho, itu kijang jantan yang tidak bertanduk bukan? Namanya Musk Deer. Ia bergigi panjang seperti taring. Aku baru tahu sekarang kalau minyak ini terbuat dari kelenjar hewan itu. Lalu, apa kasiat minyak ini, Pak Haji?” tanya Jatmiko kepada penjual minyak wangi. Penjual itu dipanggil Pak Haji oleh Jatmiko karena mengenakan kopiah haji.

“Pintar sekali kamu, Anak Ganteng. Begini, Nak. Banyak manfaat minyak ini. Antara lain, dapat digunakan untuk obat sakit kulit, sakit mata, digigit serangga, dan masih banyak lagi. Intinya,



lara kulit, mripat blawur, dicokot kewan, lan liya-liyane. Pokoke kathah ginane, Cah Bagus!” mangkono katerangan saka bakule lenga wangi.

Bakul lenga wangi iku uga nerangake menawa lenga kasturi uga ana sing digawe saka kulit wit kasturi. Jinis lenga iki ambu wangi banget. Anggone gawe kanthi pirang-pirang perangan. Uwrite uga sangsaya angel. Ora saben papan bisa kanggo nandur wit iki. Mula, regane larang.

Rampung bayari lenga wangi, Mbah Purwo banjur ngajak Jatmiko tumuju tenda tamu. Anehe, saben papan kang arep diliwati Mbah Purwo lan Jatmiko ngganda ora enak. Nanging, sawise kliwatan Mbah Purwo lan Jatmiko, papan mau dadi wangi.

Sawise tekan panggonan among tamu, sakloron banjur didherekake tumuju kursi tamu. Mbah Purwo lan

banyak manfaatnya,” begitu keterangan dari penjual minyak wangi.

Penjual minyak itu juga menjelaskan bahwa minyak kasturi ada juga yang dibuat dari kulit pohon kasturi. Aromanya sangat wangi. Proses pembuatannya melalui berbagai tahap. Pohon kasturi juga semakin sulit ditemukan. Lagi pula, tidak semua tempat bisa ditanami pohon ini. Oleh karena itu, harganya mahal.

Selesai membayar minyak wangi, Kakek mengajak Jatmiko menuju tenda tamu. Di sepanjang menuju tenda tamu, ada keanehan yang terjadi. Setiap Jatmiko dan kakeknya mau lewat, ada bau tidak enak. Namun, setelah Jatmiko dan kakeknya lewat, tempat itu berubah menjadi wangi.

Oleh penerima tamu, Jatmiko dan kakeknya diantar menuju kursi tamu. Kakek dan Jatmiko duduk di baris-

Jatmika lungguh ana larikan paling ngarep. Ing kono, Bapak Panewu lan para pangarsaning praja uwis padha rawuh. Pirsira rawuhe Mbah Purwo, Pak Panewu age-age mapag lan nyalami. Lumrahe kaya wong kapang, kekarone banjur padha rangkulan.

“Mangga Prof. Purwo,” mangkono anggone Pak Panewu ngaturi marang Mbah Purwo. Kanyata, Mbah Purwo iku biyen dhosene Pak Panewu rikala kuliyah. Senajan wis ana limalas tahunan ora ketemu, sakarone padha ora pangling. Mbah Purwo banget bombong dene mahasiswa saiki ngasta minangka Panewu.

Sawise Ki Dhalang nampa wayang saka Panewu, pangelaran banjur diwiwiti. Wayang kang minangka pralambang tolak balak, yaiku wayang Prabu Kresna. Kresna kuwi Raja titisane Bathara Wisnu kang kagungan pusaka Kembang

an paling depan. Pak Panewu juga para perangkat desa sudah lebih dulu datang. Melihat kedatangan Kakek Purwo, Pak Panewu segara menghampiri. Seperti orang yang rindu lama tak bertemu, mereka berpelukan.

“Mari, Prof. Purwo,” demikian Pak Panewu memanggil Kakek. Ternyata, Kakek Purwo adalah dosen Pak Panewu semasa kuliah. Meskipun sudah sekitar lima belas tahun tidak berjumpa, keduanya masih saling ingat. Kakek Purwo bangga karena mahasiswanya sekarang menjadi Panewu.

Upacara seremonial telah dilaksanakan. Secara simbolis, Pak Panewu memberikan wayang kepada dalang. Setelah wayang kulit Prabu Kresna sebagai simbol pengayom diterima, pertunjukan langsung dimulai. Prabu Kresna dalam pewayangan adalah perwujudan dari titisan Dewa Wisnu. Ia mempunyai pusa-

Cangkok Wijaya Kusuma. Pusaka iku bisa kanggo nambani maneka warna lelara. Bisa uga kanggo nguripake wong sing mati. Nanging, wong sing mati durung wancine.

Nalika gendhing Petalon Ladrang Slamet rep, jejer sepisan banjur kawiwitan. Ladrang Slamet utawa Ladrang Wilujeng mengku karep nyuwun keslametan. Jumbuh karo wayangan ing bengi iki minangka wujud sokur dene wus uwal saka pageblug. Saliyane kuwi, wayangan iki pinangka sarana panyuwunan keslametane para warga aja nganti ketaman pageblug maneh.

Ki Dhalang medharake crita lan nyandra kahanan kedhaton kang banget asri. Tetanduran tinata rapi, datan ana kang nguciwani. Ganda arume maneka kembang ngebaki sajroning datulaya. Ambune sumbrebet kadya ginawa widodari saka kahyangan

ka Kembang Cangkok Wijaya Kusuma yang berkhasiat dapat menyembuhkan berbagai penyakit. Bahkan, pusaka itu dapat menghidupkan orang mati. Namun, orang yang mati belum saatnya.

Setelah gending Patalon Ladrang Slamet selesai, dimulailah adegan pertama. Ladrang Slamet bermakna sebagai sarana mohon keselamatan. Sesuai dengan niat hajatan malam ini. Pagelaran ini sebagai wujud syukur karena telah lepas dari pandemi. Selain itu, pagelaran ini juga sebagai sarana mohon keselamatan agar masyarakat jangan sampai terkena pandemi lagi.

Ki Dalang membeberkan cerita. Ia menceritakan keindahan kedaton. Tanaman tertata dengan rapi tiada mengecewakan. Semerbak harum mewangi memenuhi semua ruangan. Bagai wanginya bunga kahyangan yang dibawa oleh para bidadari.



Jogring Saloka. Kang padha seba cingak. Padha alok anane ganda wangi.

Ambarengi panyandrane Ki Dhalang, ing papan pagelaran dumadakan ana ganda wangi. Gandane sumebar warata. Kang padha mirsani wayang uga ngambu ganda wangi. Ganda wangi kang emper ganda lenga kasturi kang dituku Jatmiko. Lenga agemane para kyai lan santri utawa malah wangine peri prayangan.

Ganda arum iku uga kaganda dening Ki Dhalang. Mula sinambi nerusake pocapane, Ki Dhalang angaturake sugeng rawuh. Ki Dhalang pirsamenawa anggone mayang kerawuhan dening tamu agung. Sawijing raja kaloka binathara ing tanah Jawa rikala semono. Dene raja iku ora liya Kanjeng Sultan Agung Hanya-krakusuma.

Kedadeyan iki ora bedakaro lelakon rikala jaman biyen. Nalika semana, Kanjeng

Halitu membuat semua orang yang sedang menghadap raja terkejut heran.

Bersamaan Ki Dalang menceritakan aroma wangi, tiba-tiba di sekitar panggung muncul bau wangi yang semerbak. Wangi merata hingga tercium oleh seluruh penonton. Aroma itu sama dengan wangi minyak kasturi yang dibeli oleh Jatmiko. Minyak itu banyak dipakai oleh para ulama dan kyai. Bahkan, zaman para wali.

Aroma harum juga tercium oleh Ki Dalang. Selanjutnya, dengan rasa hormat sambil meneruskan ceritanya, Ki Dalang mengucapkan ucapan selamat datang kepada sang Tamu Agung. Tamu Agung itu tidak lain adalah Sultan Agung. Raja Mataram yang sangat tersohor itu hadir secara gaib.

Peristiwa seperti malam ini pernah terjadi pada zaman dahulu. Saat itu, Baginda Sultan Agung datang

Sultan Agung tedhak ing Karaton Banten. Panjenengane ngrawuhi pagelaran wayang kulit. Kang nonton padha alok ganda wangi. Persis karo swasana ing bengi iki.

Ganda wangi iku uga padha karo gandane siti wangi ing pesareyane ing Pajimatan Imogiri. Siti wangi iku papane ana sisih tengen pasareyane Kanjeng Sultan Agung. Sasapa kang arep jiarah ing pasareyan kasebut kudu nganggo busana Jawa. Kanggo wong kakung busana pranakan, dene wong putri nganggo kemben lan sanggulan.

“Lenga wangimu wutah pa, Jat?” pitakone Mbah Purwo lirih.

“Boten, Kung, niki tasi nutup rapet,” wangsulane Jatmiko karo nuduhake gendul lengane.

Mangerteni tutup gendul isih rapet, Mbah Purwo banjur ngendika lirih. Mbah Purwo ngendika menawa Jatmiko ora

ke Kerajaan Banten melihat pertunjukan wayang kulit. Semua penonton saat itu terkejut dan heran karena tiba-tiba muncul aroma wangi. Hal itu persis dengan kejadian malam ini.

Aroma wangi itu sama persis dengan bau wangi di lubang siti wangi. Siti wangi berada di samping kanan makam Sultan Agung. Barang siapa yang mau berziarah ke sana, ia harus memakai pakaian adat Jawa. Peziarah pria memakai baju peranakan. Peziarah perempuan memakai kemben dengan rambut disanggul.

“Jat, apa minyakmu tumpah?” bisik Kakek.

“Tidak, Kek. Ini masih tertutup rapat,” jawab Jatmiko sambil menunjukan botol.

Mengetahui botol masih tertutup rapat, Kakek Purwo berbisik lagi. Kakek mengatakan bahwa Jatmiko tidak usah hirau. Fokus saja me-

perlu nggagas. Saiki nonton wayang wae.

Jejer kapisan wis kawiwitan. Ing kelir, wis tumata wayang-wayange. Mbah Purwo banjur nerangake menawa saiki jejeran Keraton Dwarawati. Raja kang jumeneng asmane Prabu Sri Bathara Kresna. Panjenengane kadhep Patih Udawa, Raden Setyaki, lan Raden Samba. Dene sing neng jejere Kresna iku garwa padmi, Jembawati.

“Wayang menika kadamel saking lulang kewan ta, Kung? Kadosta lulang kebo, lulang sapi, lulang wedhus inggih saged. Lha, nanging, priipun anggenipun damel, kok saged sae?” pitakone Jatmiko.


Lumrahe kanggo bocah saumurane Jatmiko ora tekan semono anggone takon. Isih cilik, kok, mikir carane gawe wayang kang asale saka lulang. Kamangka bisa apik tanpa ninggalake ambu lulang.

nonton pertunjukan wayang kulit.

Sekarang pertunjukan wayang sudah mulai adegan atau jejeran pertama di Kerajaan Dwarawati. Kakek Purwo menjelaskan kalau Raja Dwarawati itu Prabu Sri Batara Kresna. Adapun yang ada di depannya itu adalah Patih Udawa, Raden Setyaki, dan Raden Samba. Sedangkan yang berada di sampingnya adalah permaisurinya, Jembawati.

“Wayang itu terbuat dari kulit hewan ya, Kek? Seperti kulit kerbau, sapi, kambing juga bisa? Tapi bagaimana cara membuatnya, Kek? Kok, bisa bagus seperti itu?” tanya Jatmiko.

Biasanya, anak seumurane Jatmiko tidak sampai ke sana arah pertanyaannya. Masih kecil, tetapi memikirkan cara membuat wayang yang terbuat dari kulit hewan. Padahal, hasilnya bagus tanpa meninggalkan bekas aroma



“Iku ngene, putuku Cah Bagus, Cah Pinter. Anggone gawe iku mbaka sithik,” Mbah Purwo banjur nerangake.

Nanging, amarga Jatmiko iku kalebu bocah pinter, anggone nerangake mung cekak aos. Kawiwitan saka lulang teles kang lagi wae dikeleti saka kewan dikum sedina sewengi. Sabanjure, lulang mau dipepe kanthi dipenthangake kareben gelis garing lan ora nglunthung.

Ana maneh sing nuwuhake pitakonane Jatmiko perkara wujud wayang kang rada beda. Padha-padha wayange, nanging, kok, beda gaweyane. Mbah Purwo banjur jarwakake, “Wayang iki gagrag Ngayogyakarta. Contone, wayang Anoman gagrag ngayogyan, mripate ana loro. Dene Anoman gagrag Solo, mripati mung siji. Wanda Anoman gagrag Yogyakarta uga rada ruruh, ora ndangak”.

“Lha, manawi wayang ing-

kulit.

“Itu begini, Nak. Cara membuatnya itu bertahap”, Kakek Purwo mulai menjelaskan. Oleh karena Jatmiko anak yang cerdas, Kakek Purwo hanya menjelaskan garis besarnya. Penjelasan Kakek dimulai dari kulit hewan yang masih basah direndam sehari semalam. Setelah direndam, kulit dijemur hingga kering

Ada lagi yang menimbulkan pertanyaan Jatmiko tentang perbedaan wayang. Sama-sama nama tokohnya tetapi dibuat agak berbeda. Kakek Purwo kemudian menjelaskan, “Wayang yang itu dibuat dengan dengan gaya Ngayogyakarta. Misalnya, tokoh Anoman gaya Yogyakarta, mata Anoman dibuat ada dua, sedangkan Anoman gaya Solo cuma satu mata. Posisi kepala Anoman gaya Yogya agak menunduk, tidak mendongak.”

kang kathah nika, Kung?” pitakone Jatmiko karo nudingi wayang.

Wayang sing ditudingi cacahé akeh ditata ing sisih tengen lan kiwa kelir. Mbah Purwo mesem seneng marang pitakone putune iku. Kanthi alon lan cetha, Mbah Purwo banjur paweh ngerti marang Jatmiko.

“Wayang-wayang kang ditata kae jenenge simpingan. Sing sisih kiwa kelir iku perlambang watak ala. Sing sisih tengen kelir iku watak wayang satriya,” wangsulane Mbah Purwo. Jatmiko mantuk-mantuk.

“Lajeng, cacahé wonten pinten, Kung?” pitakone Jatmiko sajak pengin ngerti.

Mbah Purwo ora paweh wangsulan jalaran Pak Panewu sumela ngajak pangandikan. Mbah Purwo banjur ndhawuhi Jatmiko supaya ngetung wayange. Kanthi seneng Jatmiko banjur ngetung wayang siji-siji.

“Nah, kalau wayang-wayang yang ditata di kanan dan kiri kelir itu apa, Kek?” tanya Jatmiko. Dengan senang Kakek Purwo menjelaskan kepada Jatmiko.

“Wayang-wayang yang ditata itu disebut simpingan. Wayang yang berada di sebelah kiri kelir menggambarkan watak jahat. Wayang yang disebelah kanan kelir menggambarkan sifat ksatria,” Kakek Purwo menjelaskan. Jatmiko mengangguk-angguk.

“Lalu, jumlahnya ada berapa, Kek?” tanya Jatmiko.

Kakek Purwo belum menjawab pertanyaan Jatmiko karena Pak Panewu menyela dan mengajak berbicara. Oleh karena itu, Kakek Purwo minta Jatmiko untuk menghitung wayang-wayang itu. Dengan senang hati, Jatmiko menghitung wayang satu persatu.

Satengahe Jatmiko nge-
tung cacahé wayang, duma-
dakan ana wong nyedhaki.
Wong iku mau kang lungguh
ana buri kursine. Supaya ora
katon nyubriyani, kursi lung-
guhane wong kuwi diajokake.
Dheweke rumangsa kegang-
gu anggone nonton wayang
merga ing ngarepe ana ta-
ngan tudang-tuding.

“Ora wedi kuwalat pa?” po-
cape wong kang lungguh ing
burine Jatmiko.

“Kuwalat niku napa, Pak?”
wangsulane Jatmiko karo no-
leh mburi. Mak tratap ati-
ne wong iku adu mripat karo
Jatmiko. Sedhela, wong iku
mak klakep ora bisa kumecap
apa-apa. Ing batine, bocah iki
sapa kok pandengane mripat
banget merbawani. Dheweke
mundur isin najan ati mangu-
mangu. Mula, dheweke tetep
mbacutake celathu.

“Kuwalat iku kena be-
bendu merga tangane tu-

Saat Jatmiko menghitung
jumlah simpingan, tiba-tiba
ada orang yang mendekati.
Orang itu duduk di belan-
gangnya. Agar tidak dicu-
rigai, orang itu menggeser
kursinya ke depan. Orang
itu merasa terganggu kare-
na di depannya ada tangan
menunjuk-nunjuk. Orang itu
berbisik di dekat telinga Jat-
miko.

“Kamu tidak takut kuwa-
lat?” ucap orang itu.

“Kuwalat itu apa, Pak?”
ucap Jatmiko balik tanya
sambil menoleh ke belakang.
Betapa terkejutnya orang itu
ketika beradu pandang de-
ngan Jatmiko. Sejenak, orang
itu terdiam. Dalam hatinya
bertanya, siapa anak ini,
pandangan matanya sung-
guh memancarkan kekuatan.
Namun, untuk menutupi ke-
gugupannya, ia melanjutkan
bicara.

“Kuwalat itu terkena ku-
tukan. Karena tanganmu
nunjuk-nunjuk wayang, bisa

dang-tuding. Bisa cilaka, con-tone, puther drijine utawa malah dadi kithing. Aku mung saderma ngandhani. Ora meden-medeni lho,” kandhane wong iku.

Kanggo nyamudana kareben dikira wis tepung, wong iku banjur luwih nyedak. Bareng cedhak, daeba kagete marga awake Jatmiko angganda wangi banget.

Sanalika wong iku banjur ngundurake kursine maneh. Bab iku dadekake kawigaten Badi, uwong sing lungguh ing sandhinge. Tanpa tedheng aling-aling, dheweke nyendhu. Senajan mung lirih, nanging cetha lan nunjem neng ati.

“Kowe ki ngapa Jo, Kirjo kok kakehan polah? Meri karo bocah kuwi merga bisa lungguh kursi paling ngarep? Utawa rumangsa keganggu, bocah kuwi tudang-tuding?” pitakone Badi.

“Wah ya ora, mung perkara lungguh wae kok meri!

celaka. Jari-jarimu bisa bengkok atau lepas satu persatu. Saya tidak menakut-nakuti, tetapi sekadar mengingatkanmu,” ucap orang itu. Agar dikira kenal akrab dengan Jatmiko, orang itu lebih mendekatkan lagi duduknya. Setelah dekat, orang itu terkejut lagi karena tubuh Jatmiko mengeluarkan aroma wangi.

Seketika, orang itu langsung menggeser kursinya ke belakang. Hal itu membuat perhatian Badi, orang yang duduk di sampingnya. Tanpa basa-basi orang itu langsung menegurnya. Meski tidak keras, cukup mengena di hatinya.

“Kamu itu kenapa Kirjo, geser kursi maju mundur seperti orang bingung? Iri sama anak kecil duduk di depan? Apa merasa terganggu tangannya kanan kiri nunjuk wayang?” tanya Badi.

“Ah ya tidak lah. Hanya persoalan duduk saja kok iri!

Apa maneh kok keganggu. Ya mung pengen ngerti sapa bocah kuwi!” wangsulane Kirjo.

Ing batin Badi ora pati percaya seka wangsulane Kirjo. Merga Kirjo iku wis kondang wong seneng gawe ulah.

Durung suwe iki Kirjo gawe ontran-otran ngobong ban motor. Anggone ngobong ana ing sacedhake wong lagi padha gladen cokekan. Pawadane amerga ora seneng karo sing kanggonan cokekan. Kamangka cokekan iku kadhawanuhan seka kalurahan kanggo maju lomba. Mula Badi tansah waspada lan ngati-ati karo Kirjo.

Kanggo ngguwang kawigaten mikirke bocah ing ngarepe, Badi banjur ngejak omongan liya. Senajan sing padha diomongke iku, kadang kala ngalor ngidul ora ana jluntrunge. Pancen pinter Badi ngalihake omongan, nganti Kirjo lali prakara Jatmiko. Amarga ketungkul anggone omong-omongan, Kirjo ngan-

Apalagi terganggu. Aku cuma ingin tahu saja, siapa anak kecil itu?” jawab Kirjo dengan congkaknya. Mendengar jawaban Kirjo, Badi tidak begitu saja percaya. Karena Kirjo terkenal kalau suka membuat ulah.

Belum lama ini Kirjo berulah dengan membakar ban motor. Ban motor itu dibakar di dekat orang-orang yang sedang berlatih Cokekan. Hal ini dikarenakan dia tidak suka dengan orang yang ditempatkan Cokekan. Padahal Cokekan itu dibentuk oleh kalurahan untuk maju lomba. Oleh karena itu, Badi selalu waspada dan berhati-hati menghadapi Kirjo.

Selanjutnya untuk mengalihkan perhatian Kirjo terhadap Jatmiko, Badi mengajak bicara. Walaupun sekadar pembicaraan ke sana kemari yang tidak ada ujung pangkalnya. Badi memang orang yang cerdik dalam mengalih-

ti ora ngerti menawa Jatmiko wis ninggalake kursine.

Ngepasi Kirjo ngawasake ngarep, atine kaget banget. Jalaran bocah sing lungguh ingkursi ngarepe dadi ora ana. Mula banjur alok lan takon marang Badi. Ananging Badi wangsulan ora ngerti lan uga melu kaget. Sawise anggong sedela, Kirjo ethok-ethok kebelet pipis banjur ninggalake Badi.

Badi ngerti menawa Kirjo arep nggoleki Jatmiko. Mula banjur nututi lakune Kirjo saka buri. Sajake Kirjo kaya bingung ana ngendi anggone arep nggoleki Jatmiko. Saben-saben ana bocah memper karo Jatmiko banjur dietutake lan dicedhaki. Ananging tan-sah luput sawise cedhak karo bocah sing dietutake.

Atine Kirjo dadi dongkol ngigit-igit wangune mangkel banget. Rumangsa kaya dianggo dolanan lan dibebada

kan perhatian hingga Kirjo lupa tentang Jatmiko. Karena terlena dalam berbincang, Kirjo tidak menyadari bahwa Jatmiko sudah meninggalkan tempat.

Kirjo terkejut manakala melihat ke depan, Jatmiko sudah tidak ada di kursi. Oleh karena itu Kirjo bertanya kepada Badi. Namun, Badi menjawab tidak tahu dan juga ikut terkejut. Setelah terdian sejenak, Kirjo berpura-pura ingin kencing kemudian meninggalkan Badi.

Badi tahu jika Kirjo hendak mencari Jatmiko. Oleh karena itu, Badi mengikuti Kirjo secara diam-diam. Sepertinya Kirjo kebingungan di mana harus mencari Jatmiko. Setiap kali ada anak yang mirip Jatmiko diikuti dan didekati. Namun, selalu salah ketika dekat dengan anak yang diikuti.

Perasaan Kirjo semakin emosi. Dia merasa dipermainkan oleh sesuatu yang tak



karo sing ora ketok. Kanggo mboktekake sapa iku, Kirjo mula banjur nerus anggone nggoleki. Ora pati-pati leren yen durung ketemu karo bocah sing ganda wangi.

“Bocah nyalawadi kaya ilang tak kedhepake. Nganti ana kaping pitu aku kleru jebul bocah liya. Awake kok ambune wangi banget, apa iya awak bisa ngetokake ganda wangi? Aku pengin ganda wangi iku pindah ing awakku. Mripate wae duweni daya pangaribawa,” panggrundele Kirjo sinambi mlaku nggoleki.

Badi terus ngetutake lakune Kirjo merga sumelang Kirjo bisa nemokake Jatmiko. Saben ana bocah sing dicedhaki Kirjo, Badi dedonga mugamuga kleru. Mula saben kleru bocah, atine Badi banjur mak plong. Seneng pandongane dikabulake dening Gusti Kang Maha Kuwasa.

Kirjo banjur ngadoh ninggalake tendha tamu. Mripate mentheleng ngawasake

terlihat. Demi membuktikan siapa itu, Kirjo tak berhenti mencari. Tidak akan berhenti jika belum bertemu anak yang berbau wangi.

“Benar-benar anak misterius, dalam sekejap hilang dari pandangan. Sudah tujuh kali aku keliru, ternyata bukan anak itu. Badannya sangat harum. Apa iya badan bisa mengeluarkan aroma harum seperti itu? Aku ingin bau harum itu pindah ke badanku. Matanya seperti memiliki daya pengaruh yang luar biasa,” gumannya.

Badi terus mengikuti ke mana perginya Kirjo karena khawatir Kirjo dapat menemukan Jatmiko. Badi berdoa semoga salah lagi. Oleh karena itu, setiap kali keliru, hati Badi terasa tenang. Senang bahwa doanya dikabulkan Tuhan Yang Maha Kuasa.

Kemudian Kirjo meninggalkan tenda tamu. Matanya membelalak ke sana kema-

ngendi-endi. Nganti sawetara suwe durung weruh marang bocah sing dikarepake. Dumadakan ana ing arah kidul ana wewayangan loro cacahé. Wewayangan iku persis bocah cilik sing digoleki mlaku bareng wong diwasa.

Rumangsa yakin menawa iku bocah sing digoleki, Kirjo banjur gage nututi. Kirjo yakin menawa bocah iku Jatmiko karo simbahe kang mlaku ninggalake lapangan. Wedi yen kelangan enggok maneh, banjur dicepetake lakune.

Nganti krenggosan ambegane Kirjo anggone ngupaya nututi lakune Jatmiko lan simbahe. Ananging anehe tetep ora bisa ketutupan. Kamangka anggone mlaku iku katone mung rindhik-rindhik ora mlayu. Anjalari tambahe kapercayane Kirjo menawa Jatmiko ora sabaene lumrahe bocah. Mula atine sangsaya mantep pengin bisa nututi lakune Jatmiko lan simbahe.

Meruhi sing diuyak meng-

ri bagaikan harimau mencari mangsa. Hingga beberapa saat belum menemukan anak yang diharapkan. Tiba-tiba dari arah selatan ada bayangan dua orang. Bayangan itu persis anak-anak yang tengah dicari berjalan bersama orang dewasa.

Merasa yakin bahwa itu adalah anak yang dicari, Kirjo segera mengejar. Kirjo merasa yakin bahwa anak itu adalah Jatmiko dan kakeknya yang tengah meninggalkan lapangan. Khawatir kehilangan jejak, Kirjo mempercepat langkahnya.

Dengan terengah-engah, Kirjo berusaha mengejar Jatmiko dan kakeknya. Namun anehnya tetap tidak terkejar. Padahal sepertinya mereka berjalan dengan pelan, bukan lari. Hal ini menambah keyakinan Kirjo bahwa Jatmiko bukan anak sembarangan. Oleh karena itu, hatinya semakin mantab untuk dapat mengejar Jatmiko dan kakeknya

Mengetahui bahwa yang

gok nengen tumuju arah Pucung, Kirjo banjur nyidhat dalan. Setengah rada mlayu anggone nyidhat dalan supaya ora kedhisikan. Kadang kala nganggo mlayu yen ngepasi sepi lan adoh omahe warga. Kabeh mau kanggo nyingkiri panyakrabawa ala saka wong kang weruh.

Sawise tekan papan kang dituju, Kirjo banjur nggenteni. Sinambi ngatur ambegane Kirjo duwe pangarep kang gedhe. Bisa kaleksanan karepe kanthi cara alus tanpa nganggo cara kasar. Ora gantalan suwe wong sing karepake wis nyedhaki papan anggone nunggu. Amerga ganda wangi wis krasa mambu mba-ka sethithik.

Atine Kirjo rumangsa lega lan seneng banget. Jalaran mangsa sing ditunggu-tunggu sedhela maneh bakal teka. Ora sranta banjur sedhela-sedhela diungak mangarep. Ananging wewayangane sing ditunggu kok babar blas ora

dikejar belok kanan menuju arah Pucung, Kirjo memilih jalan pintas. Melewati jalan pintas terkadang Kirjo sedikit berlari agar tidak tertinggal. Tetapi juga kadang berjalan biasa agar tidak menimbulkan kecurigaan.

Setelah sampai di tempat yang dikehendaki Kirjo baru berhenti. Sambil mengatur nafas, ia sangat berharap bisa berhasil tanpa adanya kekerasan. Tidak berapa lama orang yang dinanti-nantikan sudah dekat. Hal ini karena aroma wangi mulai tercium oleh Kirjo. I

Kirjo merasa lega dan senang tiada terkira karena yang ditunggu-tunggu sebentar lagi sampai. Rasa tak sabar menyelimuti hati Kirjo. Sebentar-sebentar menengok ke utara untuk melihat apa yang ditunggu sudah nampak. Ternyata yang ditunggu belum juga tiba di mana Kirjo menunggu. Hatinya jadi gusar tidak karuhan,



katon. Atine dadi ora karuwan, dheg-dhegan githoke malah dadi mengkorog .

“Madosi sinten, Pak Lik? Kula wonten wingking sampeyan!” pocape Jatmiko. Kirjo banjur noleh lan njola kepati merga saking kagete. Weruh Jatmiko lan mbah kakunge dumadakan wis ana burine. Rasane jantung kaya mandheg, kringet anyep padha metu ora bisa dibendung. Praupane pucet, sabadan kujur anyep jejet.

Sing maune kongas kaya lanang-lananga dhewe. Nanging saiki bebasane nglumpruk kadya kapuk. Ora bisa kumecap blangkemem lan ora bisa obah. Bara-bara bisa ngalih seka papane ngadeg, ngobahake sikil wae ora kuwawa.

Kalodhangan kuwi banjur digunakake dening Mbah Purwo paweh wejangan marang Kirjo. “Aku ngerti yen kowe duwe sedya ala marang putu-

jantung berdebar kuat bulu kudhuk merinding.

“Mencari siapa Paman? Saya ada di belakangmu!” ucap Jatmiko. Kirjo lalu menoleh ke belakang dan sangat terkejut. Melihat Jatmiko dan kakeknya sudah ada di belakangnya. Jantung serasa berhenti, keringat dingin keluar dengan deras. Wajah pucat pasi seluruh tubuhnya dingin serasa beku.

Semula merasa paling jagoan. Tetapi sekarang tiada berdaya bagaikan tubuh lemas tak bertulang. Bibir terkutup rapat tidak dapat bicara. Jangankan dapat berpindah tempat, menggerakkan kaki saja tidak mampu.

Kesempatan itu dimanfaatkan oleh Kakek Purwo untuk menasihati Kirjo.”Aku tahu kalau kamu mempunyai maksud jahat pada cucuku! Kamu ingin merebut aroma wangi dari tubuhnya. Keta-

ku! Kowe pingin ngrebut ganda wangi seka awake putuku! Ngertiya yen pangangkahmu iku ora bakal kelakon. Merga sajeroning awakmu isih kadunungan ati kang reget.”

“Ganda wangi iki dudu sembarang ganda lenga wangi lumrah. Ananging iki ganda lenga wangi kagunganku!” rampung kandha dumadakan Jatmiko ilang kakedepake.

Ganda wangi banjur ngadoh ilang mbaka sithik. Saiki wewujudan kang memba Jatmiko wis ora ana. Mung gari Mbah Purwo sing ana ngarepe Kirjo.

Swarane Mbah Purwo kang alus alon, malih dadi gemleger gedhe medeni. Awake sing gedhene lumrahe manungsa diwasa, malih dadi raseksa. Paweh paweling marang Kirjo “Aja dadi wong murka, mengko mundhak cilaka. Mertobata mumpung isih bisa.”

Rampung kandha mangkono, wewujudan Mbah Purwo sing dadi raseksa banjur muksa.

huilah jika keinginanmu itu tidak akan tercapai. Karena di dalam tubuhmu masih kesempatan hati yang kotor”.

“Aroma wangi ini bukan sembarangan bau minyak wangi biasa. Melainkan bau minyak wangi milikku” selesai bicara tiba-tiba Jatmiko menghilang. Aroma wangipun perlahan-lahan ikut hilang juga. Sekarang perwujudan yang menyerupai Jatmiko sudah tidak ada. Tinggal Kakek Purwo yang ada di hadapan Kirjo.


Semula suara Kakek Purwo yang pelan halus, jadi berubah menjadi besar menakutkan. Tubuh manusia normal orang dewasa berubah menjadi raksasa. Mengingatkan kepada Kirjo “Jangan jadi orang serakah, nanti kamu akan celaka. Bertobatlah selagi masih bisa”. Selesai mengucapkan kata-kata, perwujudan raksasa kemudian menghilang.

Ganda letheng, penguk, apek lumrahe wong ora tau adus tetep nggundeng. Kirjo ora bisa bangga, nglumpruk tanpa daya. Amung bisa sesambat sanadyan kanthi suwara sajeroning batin. “Duh Kanjeng Sultan Agung kula nyuwun pangapura. Kula lepat amergi nuruti pamothahe ati kang ala. Ki Juru Taman, saestu kula badhe mertobat.”

Saking wedine Kirjo ngoplok kamigilanen. Arep sambat bengok njaluk tulung ora ana wong wang wing. Tutuke kaya kemunci ora bisa kanggo ngucap. Bareng bisa ngucap tobat mung ana ing ati. Pungkasane Kirjo kang adigang adigung adiguna iku, ambruk ing pinggir dalan.

Bau tengik layaknya orang tidak pernah mandi masih terasa menyengat. Kirjo yang masih tidak berdaya sama sekali hanya pasrah. Hanya rintihan dalam hati yang bisa diucapkan, “Kanjeng Sultan Agung, saya mohon ampunan kepada Baginda Sultan Agung, atas kesalahan yang telah diperbuat. Ki Juru Taman saya benar-benar akan segera bertobat”.

Dalam ketakutan yang teramat sangat, tubuh Kirjo menggigil kuat. Mau berteriak minta tolong tak satupun orang melintas. Mulut bagai terkunci tidak bisa berucap. Ucapan tobat hanya bisa disampaikan dalam hati. Akhirnya Kirjo yang congkak dan besar kepala, tumbang di pinggir jalan.



Biodata

Penulis

Anwar Wiyadi, S.Pd., lahir di Bantul pada 03 November 1972. Menyelesaikan pendidikan dasar di SD Kebonagung Imogiri Bantul pada tahun 1984, dan melanjutkan di SMP Negeri 1 Imogiri dan SMA Muhammadiyah 1 Bantul. Pernah kuliah di Institut Saint dan Teknologi Akprint Yogyakarta angkatan 1990 Fakultas teknik Mesin dan Universitas PGRI Yogyakarta Bimbingan Konseling lulus tahun 2001. Di bidang seni Sastra Jawa sering lolos dalam beberapa penulisan baik yang diselenggarakan oleh Dinas Kebudayaan Bantul dan DIY berupa Geguritan, Cerkak, Naskah Kethoprak sedang dari BBY penulisan Cerita Anak Bahasa Jawa juga selaku penerjemah naskah kuno menjadi cerita anak bahasa Jawa. Sebagai Tenaga Pendidikan di Universitas Ahmad Dahlan dan membimbing anak SD SMP dalam seni ngudar Tembang.

Penyunting

Nur Ramadhoni Setyaningsih, lahir di Sleman pada 25 Juli. Pernah menyunting beberapa naskah cerita pendek. Saat ini aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY. Dapat ditemui di kantor dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta; telepon (0274) 562070; posel nurramadhonis@gmail.com.

Ilustrator

Mulyantara (Mul) lahir di Yogyakarta, tanggal 6 Mei 1965. Saat ini ia tinggal di Ngabean Kulon (Jl. Kaliurang KM 7,8) RT 04 RW 35, Sinduharjo, Ngaglik, Sleman. Pria ini mempunyai keahlian dalam sastra budaya: ilustrator wayang kulit gaya Yogyakarta, penulis cerita wayang/padalangan/tokoh wayang, penulis cerita rakyat/roman sejarah, penulis cerkak, penulis cerita anak/dongeng.

Karya sastranya telah banyak diterbitkan, antara lain: antologi cerkak *Crita saka Pereng Merapi* (Penerbit PASBUJA, 2020); antologi dongeng *Andong Jogja* (Disbud Jogja, 2022); antologi cerkak *Drangsa* (Azzagrafika, 2022). Ia pernah menjuarai lomba cergam/komik dan lukis wayang.

Pembaca yang ingin berkorespondensi dapat menghubungi telepon genggam 087839023639; posel: mulyantara52@gmail.com.



(ERDAS
BERLITERASI



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Minyak Wangi Sultan Agung

Watak lan panguripane manungsa kagambarake mring wujud wayang kulit. Lumantar kawegigane dhalang wayang bisa kaya duwe nyawa lumrahe manungsa. Daya linuwih swarane dhalang nuwuhake pangaribawa dhewe mring wayang kang lagi diwayangake.

Prakara iki dumadi ing Desa Segaraya, desa kang dukeng uni mujudake segara gaweyan kang dibangun dening Sultan Agung.

Suluke dhalang kang nyandra kahanane keraton kang wangi, anjalari dumadakan ana ganda wangi lenga Kasturi. Satemah gawe cingake lan aloke wong kang padha ndelok pagelaran wayang.



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA

2023

ISBN 978-623-112-583-5 (PDF)



9 786231 125835